




Charity 1067406


CORONAVIRUS

Reference: www.doctorsoftheworld.org.uk/coronavirus-information/



Wetin you fit do if una get symptoms?

 Separate unasef: stay for house for at least **10 DAYS**

 Anyone else for una domot or who had close contact with you must separate demsef for **10 DAYS**

If you dey live with someone who im age don reach 70 or pass, wey get long-term sickness, wey get belle or wey im immune system don weak finish, try find somewhere else for dem to stay for **10 DAYS**

Get tested for Coronavirus within di first five days wey you get di symptoms

TO BOOK A TEST



Visit

<https://www.nhs.uk/ask-for-a-coronavirus-test>



If you no get online access **CALL 119** or CALL 0800 028 2816 in Scotland

You go need give your contact details and get mobile phone wey dey work to receive test results as text message.

Guidance on how to stay separate

No go work, school, GP surgeries, pharmacy or hospital



No dey come too close to other pipo dem

Make you follow di guidance on visitors



Make you wash your hands regularly



Make you allow say make dem deliver food & melesin to you



Make you dey take paracetamol to help you with una symptoms



Make you use separate facilities, or make you clean bifor you use am again

When you go contact NHS 111?

dis na **FREE NUMBER** TO CALL

you no feel well at all so tey you no fit do di kain thing wey you dey do bifor, like, to watch TV, use your phone, read or get out of bed

you feel say you no fit cope with your signs of sickness for house again

your condition dey get worse

You fit get interpreter for your language by repeatedly answering "yes" to all questions.